

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan nu geus dipedar, katitén hasil di mana léngkah-léngkah modél CIRC dina pangajaran nulis éséy téh ngawengku: (1) tahap ngararancang; (2) tahap prosés nu diwincik jadi (a) kagiatan awal, (b) kagiatan inti (éksplorasi, élaborasi jeung konfirmasi), jeung (c) kagiatan ahir; jeung (3) tahap évaluasi nu diwincik jadi (a) évaluasi awal (pratés) jeung (b) évaluasi ahir (postés).

Demi léngkah-léngkah modél CIRC sacara téknis téh, nya éta: (1) guru nangtukeun kelompok nu diwangun ku tilu nepi opat urang siswa sacara hétérogén, hartina guru ngabagi jumlah siswa nu aya kana 11 kelompok; (2) guru méré conto wacana/téks éséy pikeun dibaca ku tiap kelompok; (3) siswa silih macakeun jeung nangtukeun ide poko tuluy méré pamadegan kana éta wacana/téks nu ditulis dina lembar jawaban, sajaba ti éta siswa nangtukeun kecap jeung kalimah anu kaasup kana gejala hiperkorék jeung pléonasme; (4) siswa macakeun hasil gawé kelompokna di hareupeun kelas; (5) guru jeung siswa nyindekkeun ngeunaan éséy jeung kasalahan léksikal babarengan; (6) guru macakeun kacindekan ngeunaan pasualan-pasualan anu mindeng karandapan ku siswa dina nulis éséy jeung ngeunaan kasalahan léksikal.

Dina raraga kasalahan léksikal, waktu pratés jejer ngarandapan 13 rupa kasalahan léksikal dina tulisan éséy nu total karandapan 25 kali. Dina gejala hiperkorék, 16 kali jejer ngarandapan salah. Pola kasalahanana aya 2 (dua), nya éta; (a) /ft/ → /fr/ (foném tunggal jadi foném rangkep) jeung (b) /ft/ → /ft/ (foném tunggal jadi foném tunggal séjén), kalawan perséntase kasalahan 64%. Dina gejala pléonasme, aya 9 (salapan) kali jejer ngarandapan salah kalawan mibanda pola (a) sama'na safungsi jeung (b) sama'na, kalawan perséntase 36%.

Sabada di-*treatment*, waktu postés, katitén yén kasalahan léksikal nu karandapan ku jejer téh geus nyaeutikan, nya éta ukur 4 (opat) rupa kasalahan nu

séwang-séwang karandapan sakali kalawan pola kasalahan /ft/ → /fr/. Sedengkeun kasalahan gejala pléonasma mah geus teu karandapan deui.

Sacara gembler, kamampuh jejer dina nulis éséy téh ngaronjat jeung ngurangan dina ngarandapan kasalahan léksikal. Ieu hal kabuktian tina hasil analisis peunteun awal (pratés) nu dibandingkeun jeung peunteun ahir (postés) ngaliwatan uji signifikasi. Dumasar kana hasil tés signifikasi nu dikonsultasikeun kana tabél peunteun t, bisa dicindekkeun yén béda hasil antara pratés jeung postés téh signifikan lantaran nilai t_{itung} (6,83) leuwih gedé tibatan t_{tabel} (3,17) ($t_{itung} > t_{tabel}$) dina taraf signifikasi 99,5%. Ku kituna, hipotésis ditarima, hartina modél pangajaran CIRC téh éfektif pikeun digunakeun dina pangajaran nulis éséy siswa.

5.2 Saran

Hasil panalungtikan mémang nyugemakeun, di mana kamampuh siswa ngaronjat kalawan signifikan, tapi teu sakabéh hasil saluyu jeung nu jadi pangharepan panalungtik. Kawatesanana waktu, tanaga, jeung waragad ngabaluarkeun loba kénéh faktor dina panalungtikan nu teu kakobét. Jero jeung seukeutna analisis, hususna kasang tukang nu ngabaluarkeun hasil nu teu nyugemakeun, teu bisa sajero jeung saseukeut nu dipiharep. Najan kitu, kahéngkér ieu panalungtikan teu matak ngaméngparkeun tinu jadi udaganana.

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung kahéngkér di luhur, tangtuna panalungtik miharep yén panalungtikan kahareupna bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh kalawan signifikasi nu leuwih hadé. Ku kituna, pikeun panalungtik nu baris nalungtik perkara kasalahan léksikal, hadéna ngagunakeun modél atawa media pangajaran nu sakirana bisa ngungkulan éta masalah kalawan teu nyapirakeun kana faktor nu bisa ngabaluarkeun hasil nu teu dipiharep. Upama masih aya hasil nu teu dipiharep, panalungtik bisa ngagunakeun angkét atawa wawancara pikeun nangtukeun kasang tukang éta hasil. Ieu hal dipiharep bisa ngadeudeul tur nganteurkeun kana analisis nu nyoksrok jero.

Kasalahan léksikal nu mindeng karandapan ku siswa sorangan tangtuna teu bisa diungkulan ukur ku sakali panalungtikan, lantaran ieu kasalahan geus ngabaju atawa asa geus lain kasalahan deui nurutkeun para siswa. Ku kituna, ka

para guru basa, hususna basa Sunda, hadéna teu nyapirakeun kana ieu kasalahan. Najan ku jaman ayeuna aya nu nyebutkeun ‘nu penting budak reueues jeung daék nyarita Sunda, éta geus cukup’, saéstuna matak ngahariwangkeun. Ku sabab, upama budak bisa nyarita Sunda tapi Sunda nu teu luyu jeung merenah, Sunda bisa awét rajét, hirup teu hurip, jeung bakal leungit jatina.

